deeleen xool ñi leen féete suuf, te buleen xool ci ñi leen féete kaw, ndax moo gën a yay ba dungeen xeeb xéewali Yàlla yi ci seen kaw

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "deeleen xool ñi leen féete suuf, te buleen xool ci ñi leen féete kaw, ndax moo gën a yay ba dungeen xeeb xéewali Yàlla yi ci seen kaw".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc digle na ñuy xool ci mbiri àdduna yi ci wàccuwaay ak alal ak daraja ak lu dul loolu ci meloy ñi féete suuf te gën a néewle, te bañ a xool ci mbiri àdduna yi ñi féete kaw te gënle la, ndaxte xool ci kila féete suuf mooy tax ba doo xeeb walla ngay tuutal xéewal yi la Yàlla defal.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5341